

Ассаламу гIалайкум!

# Ахихъан




Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 11 (7203) 18 Март Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багьа 7 гъурущ


## ЦIикIкIараб хIалтIи гьабуниги

(ТIобитIана АТКялъул иргадулаб данделъи)

**I5 марталда «Унсоколо район» МОялъул администрациялда букIана АТКялъулги, ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул комиссиялъулги цадахъаб заседание. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадов, гьесул замал С. АрулмухIамадов, С. АхIмадов, информационияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев, ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул Комиссиялъул пред. М. МусалахIажиев, къуваталъулал органазул вакилзаби, росабазул бутIрул.**



Балагьиялде росун рукIана:

**I. «Унсоколо район» МОялъул территориялда мая лъул, КIудияб Бергьенлъиялъ 7I сон т1убаялъул праздникал тIоритIулаго хIинкъи гьечIолъи букIинаби,-суал.**

АТКялъул заседание рагьулаго ГI. НурмухIамадовас гьадин бихьизабуна: «ТIаде щолеб буго Россиялдаги ва рес публикаялдаги гIатIидго кIодо гьарулел праздникал. Гьел къоязда нилъеца хIурматгун ракIалде щвезарула ВатIаналъул эркенлъиялъе гIоло рухIалда барахщичIел нилъер эменал, кIудиял эменал. Гьединлъидал жакъа къоялдаса нахъего хIадурлъи гьабизе хIажат буго праздниказда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъе. Киналго гьеб иш тIаде кколел хъулухъаз балагьал ишал ккунгутIиялъе кинабго гьабизе ккола. ХIажат руго жеги тIаде хIалтIабигицин гьаризе; тIубарал сордо-къоязго гьаризе ккела гьел тIоритIулел ва цогидалги бакIазда дежурство, хасго 29 апрелалдаса 11 маялде щвезегIан хIалтIаби кутаклъизаризе ккела»,-ян.

2. **20I3-20I8 соназда жаниб РФялда ва Дагъистан Республикаялда терроризмалъул идеологиялде данде хIалтIи гьабиялъе гIуцIараб комплексияб планалда рихьизарурал тадбирал МОялда гIумроялде рахъинарулел ругел куцалъул хIасилазул хIакъалъулъ;** суалалдасан кIалъана АТКялъул секретарь С. АхIмадов. *(Ахир 2 гьум.)*

Нухмалъулезулги жамагIатазулги дандчIвай

## Рихьундерил суалазде кIвар кьуна



**Гьаб нухалда иргадулаб дандчIвай районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас гьабуна Рихьуни росулъ. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIасанова, С. АхIмадов, районалъул пенсионияб отделалъул нач. А. ГIалисултанов, УСЗНалъул нач. А. МухIамадов, ЦЗНалъул нач. М-Н. НурмухIамадов, росдал бетIер ХI. ГIабдулаев, районалъул имам Гъ-М. Абубакаров.**

ДанчIвай рагьана росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас ва рагIи кьуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе. – ГIадамалгун дандчIвай, гара-чIвари лъикIаб рахъ ккола цоцада ричIчIиялъе,- ян абуна гьес, гьелъ лъазе кIола ругел захIмалъаби ва гьел тIуразариялъе ресал ратизе битьалъула. Хадубги гьес бицана район рукIалиде ккезабиялъул мурадалда гьарулел ругел хIалтIабазул, республикаялдагун районалда финансовиябгун экономикияб рахъалъ буеб ахIвал-хIалалъул, гьезда тIад къватIисел фактораз гьабулеб буеб асаралъул, муниципалиял программаби тIуразариялъе гьарулел ругел хIалтIабазул.

Хадуб дандчIваялде рачIаразе жидеего рахIат толарел суалал кьуна рихьундерица. Гьезул цояб букIана цебегоялдаса хIалтIулеб гьечIеб консервазул завод хIалтIизе биччаялъул. Гье лъие жаваб кьолаго бетIерас бихьизабуна финансазул захIмалъаби рукIиналъ гьеб тIубазабизе рес гьечIин, ракIалда бугин спонсорал ралагьун гьеб гьабизе,- абун. Хадуб борхана росулъ лъурал трубабазул суал. Гьеб ишалда тIад хIалтIизе ругин бихьизабуна бетIерас. Гьединго «Гражданазул общество цебетIезабиялъул ва гьениб ритIухълъи букIинабиялъул» ДРООялъул председатель М. ХIамзатовас борхана лъелъ гьанкъарал ракьазул компенсация балагьиялъул суал. Гьеб ишалда хурхун гьарулел хIалтIабазул бицана М. ХIажиевас ва абуна суал тIубазабиялъе отделалъ киналго хIалтIаби гьарулел ругилан. Росдал гIадамаз цере лъуна росу токалдалъун лъикI хьезабизе ккеялъул, футболалъул поле гьабиялъул, трассалда канлъи чIезабиялъул суалалги. Районалъул Собраниялъул депутатазул, общественностаялъул кумекалдалъун гьел суалал бакIалдаго тIуразарилилан бихьизабуна росдал бетIер ХI. ГIабдулаевас.

Гьединго кIалъана тIадехун рехсарал нухмалъулел, бихьизабуна Рихьуни росдал суалал тIуразариялда тIад хIалтIилилан.



Ахиралда кIалъана ГI. НурмухIамадов ва росдал суалазда хурхун тIадкъаял кьуна райадминистрация лъул хIалтIухъабазе, учреждениял, организациязул нухмалъулезе.

Унсоколо бугеб лъималазул библиотекаялъ ва «Ромашка» ясли-ахалъул гьитIичазги цадахъ тIобитIана «Мамина улыбка»,-абураб тадбир. Гьенир гIахьалъана «Луна» ва «Звездочка» абун цIар тарал кIиго школалде хIадурлъулезул группаби. Лъималаз ахIана кучIдул, гьару-на къурдаби, кьуна бицанкIаби.

# ЦIикIкIараб хIалтIи гьабуниги

**3. «Террористическиябгун экстремистияб рахъазда рукIун такъсира лъухъ гьабураб тамихIалдаса хадуб цебесеб гIумро гьабулел бакIазде тIад руссарал гIадамазе заманаялъул, сезоналъул ва цогидалги хIалтIаби рукIинариялъул мурадалда гьаризесел тадбирал»,**-абураб суалалдасанги кIалъана С. АхIмадов.

**4. Ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул комиссиялъгун цадахъ информационнияб хIалтIи гьабиялъул** бицун кIалъана цогояб информационнияб хъулухъалъул нухмалъулев М-Н. ХIайбулаев. Гьес бихьизабуна «Унсоколо район» МО сайталъ, районалъул «Ахихъан» газеталъ ва 7 социалияб сеталъ хIаракатаб хIалтIи гьабулеб бугин гьеб ишалда хурхун»,-абун.

**5. РДялъул АТКялъул ва МОялъул АТКялъул хIукмаби тIураялъул иналъул** бицана гьелъул секретарь С. АхIмадовас ва росабазул бутIруз.

**6. Россиялъул МВДялъул Унсоколо районалъул профилактикияб учеталда ругел, гIадамазул гIарзазухъ ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул комиссиялда ралагьиялъул** суалалъул бицана гьеб комиссиялъул нухмалъулев М. МусалахIажиевас. Гьес абуна жеги районалда хIалуцараб ахIвал-хIал бугин. «Амма гьелдаго цадахъ нилъеца тIуразаризе ккола гIумро гьабиялъул цебесеб къагIида рехун тарал, жидерго гьалатI, исламалъул аслиял рахъал ричIчIарал гIадамал ракълилаб гIумроялде рачиналъул суал. Гьеб буго кутакалда захIматаб хIалтIи, гьелъие хIажалъула ФСБялъул, МВДялъул, мажгитазул имамзабазул ва цогидал общественниял гIадамазул къуват.

Ахиралда «Унсоколо арйон» МОялъул АТКялъул пред. ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна заседаниялда гIахьаллъаразе ва хадубккунги цадахъаб хIаракатаб хIалтIи букIиналде хьул бугилан бихьизабуна.

*Данделъаби*

# Приоритетниял проектазда хурхун



I6 марталда тIобитIана Дагъистан цебетIезабиялъе ругел приоритетниял проектал тIуразариялъул иналъул рахъалъ данделъи.

Данделъиялда гIахьаллъана киналго гьел проектазул жаваб кьолел гIадамал. Гьеб бачана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовас. Бицана январь-февраль моцIазда проектазул хIалтIуда хурхун гьарурал хIалтIабазул. ГIиса МухIамадовичас гIахьалчагIазул кIвар буссинабуна ракьазул, объектазул, рукъзабазул бетIергьабаз гьел тIад хъваялъул, налогал ракIариялъул мурадалда предпринимательствалъул ва цогидалги «Обеление экономики» проект гIумроялде бахъинабиялъе хIажалъулел рахъазде.

# Комиссиязул хIалтIуде кIвар кьуна

Гьал къоязда тIобитIана иргадулаб аппаратальулаб совещание. Гьениб районалъул бетIерас бицана кватIичIого районалда букIине бугин мугIрузулаб территориалияб округалъул совещание. Гьенир гIахьаллъизе бегьула Дагъистаналъул БетIер, киналго районазул ва росабазул бутIрул, учреждениял-организациязул нухмалъулел. Гьел хIадурлъизе ккелин лъазабуна бетIерас. Гьединго бицана административияб ва саназде рахинчIел лъималазул комиссиязул хIалтIул, гьел администрациялда цере цIуниялъул.

Данделъиялда кIалъарай административияб комиссиялъул секретарь У. ХIайбулаевалъ абуна гIемерисел росабазул бутIруз административиял правонарушениязул протоколал кьолел гьечIин, гьелъул чанго нухалъ лъазабуниги. Саназде рахинчIел лъималазул комиссиялъул ведущий специалист ПатIимат НурмухIамадовалъ гьеб комиссиялъулги хIисаб кьуна. -Комплекснияб къагIидаялъ бачун буго хIалтIи,-ян абуна гьелъ. ЗахIматал лъимал куцаялъул ва цогидалги суалал гIемер росула заседаниялде, тIоритIула цадахъал рейдал, профилактикияб хасияталъул гара-чIвариял, гьел росула комиссиялъул заседаниялде.

БетIерас цойги нухалъ гьел комиссиязул нухмалъулезул пикро буссинабуна хIалтIи лъикIлъизабизе ккеялде, хасго росабазул бутIрузулгун гьабулеб бухьеналде кIвар кьезе кколин бихьизабуна гьес.

Хадусеб суал букIана цересел данделъабазда бетIерас кьурал тIадкъаял тIураялда хурхараб. Гьеб букIана мусоралдаса свērухълъи бацIцIад гьабиялда, тIадеги лъай кьеялъул бакIазул, къарал учреждениязде бакIалъулал продуктаби росиялъул ва цогидалги.

# МугIрузул округалъул данделъи - Гъуниб

Дагьал церегIан къоязда Гъуниб районалъул «Радде» пансионаталда букIана мугIрузул районазул территориалияб округалъул данделъи. Гьенир гIахьаллъана «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва гьесул зам. С. АрулмухIамадовги. Гьединго гIахьаллъана РДялъул росдал магIишаталъул Министерствалъул, предпринимательствалъулгун гIиси-бикъинаб бизнесалъул агенствалъул хIалтIухъаби.

Данделъиялде рачIарал щвана Кегерский консервазул заводалде, «Родники Согратля» мини заводалде, Ругъжаб бугеб гьаналгун рахьдал продукция гьабулеб СКХялде.

Хадуб совещаниялда балагьана республика цебетIеялъе ругел приоритетниял программаби тIуразариялъе гьарулел х1алтIабазухъ. Кьварараб критикагун ана «Эффективный АТК» проект тIубазабиялъул бугеб ахIвал-хIал. Гьеб суалалда хурхун информациял кьезаруна вакилзабазда ва бакIазда бугеб хIал хисизабизе ахIана гьел.

# ЧIахIиялги кIоченчIони лъикIан

Инсан вижаралдаса нахъего черх куцаялде, лъадариялде цIикIкIараб кIвар кьолаан. Дагъ-дагъккун гIадан ругъунлъана копье речIчIизе, гамачI рехизе, гугаризе, чIорбутI речIчIизе. Гьанже нилъер районалда спортзал гьечIел росаби хутIун руго ГIашилтIаги ХарачIиги, хутIарал росабалъ киса-кирго гьел руго. Гьелъ бицуна улкаялдаго инсан цеве тIезавиялде, ай спорталдехун кIвар кьей лъикIаб букIиналъул. Аслияб къагIидаялда нилъер районалда кIвар кьолеб спорталъул тайпаби ккола гугариялъул батIи-батIиял къагIидаби ва волейбол.

Спорт кидаго букIана гIадамал цолъизарулеб, гьел куцалеб, ракI боххизабулеб, сундего гьира базабулеб, черх берцин гьабулеб, гьудуллъи щула гьабулеб ишлъун. АбичIого гIоларо жакъа къоялда техникаялъул цебетIеялъ, ай машинабаз, телефоназ, телевизораз, видеояз гIун бачIунеб гIелалъул спорталдехун кIвар кьей кIиабилеб бакIалде ккезабулеб бугилан. Рехунго тун руго нилъер умумузул рукIарал спорталъул тайпаби: гамачI рехи, рекери, кIанцIи, ядро-диск рехи. Киб бугеб цебе букIараб гьудуллъи, гьалмагълъи, цоцалъ ракI жубай, адаб-хIурмат гьабиги? Спорталдехун мугъ рехиялъцин гурищ гьел лъикIал хасиятал нилъеда гьоркьоса лъугIулел ругел?

Дир хIисабалда нилъеца черх цIакъ чучго биччалеб буго. Гьелъ нилъер иманияб рахъги загIиплъулеб буго. Нафс квегьи рехунго толеб бугилан абуниги мекъи ккеларо.

Исламияб диналъ нилъеда малъула черх квегьиялъ нафс квегьизе бигьа букIунилан. Нафс квегьиялъ иманияб рахъги цеве тIола, щула гьабула. Амма гьанжесеб заманалда бихьулеб букIахъе бихьулеб исламияб рахъ гIадамасул цебе тIолеб буго, бихьулареб рухIияб рахъ нахъе кколеб буго. Аллагьас нилъ рижун руго жиндиего лагълъи гьабизеги, берцинго, лъикIаб тIабигIатгун гIумро гьабизеги. Гьелъул цIикIкIараб кIварги буго кIвахI тIаса инабиялъеги, чорхол сахлъиги бажариги цебетIезабиялъеги. ГIицIго хIажат буго росабалъ спорталъул хIалтIи лъикI гIуцIиялъул цIиял суалазда тIад хIалтIизе. Щай бегьулареб щибаб росулъ тIоритIизе спорталъул къецал лъималазда, гIолилазда ва чIахIиязда гьоркьор? Цо бакIалда гамачI рехиялъул, цогидалъуб кIанцIиялъул, цогидалъуб рекери, ай киналго рахъал данде рачун.

ЦохIого-цо школлъималаздаги гIолилаздаги гьоркьоб дагьа-макъалго къецалги тIоритIун иш лъугIизе течIого чIахIиял гIадамазулгун хIалтIи гьабиялъ хIасилал лъикIал кьелаан. ЧIахIиял гIадамал рехунго тун руго. 50, 60, 70 саназде рахаразеги ургъизе бегьилаан бегьулеб къагIидаялъул спорталъул къецал. ГIун бачIунеб гIелалда бицине бегьилаан цере нилъер рукIарал спортсменазул. БатIаго гIарац харж гьабичIони ги тIоритIизе бегьилаан къецал. Кьеха грамотаби ва медалал.

Чара гьечIого хIажат буго чIахIияздаги гIолилаздаги гьоркьоб цоцаздехун адаб-хIурмат гьаби куцазе, цIикIкIинабизе цада хъал тадбирал гIуцIи. Гьеб кIола нилъеда гьабизе спорталъул кумекалдалъун. Аллагьас къуват кьеги щивасе черх куцазеги, гьеб квегьизеги, лъадаризеги.

***С. МУХIАМАДОВ.***

# КАК ПРАВИЛЬНО ИНФОРМИРОВАТЬ ОБ ОТКРЫТЫХ ВАКАНСИЯХ В ЦЕНТР ЗАНЯТОСТИ

Активность службы занятости последнее время действительно усилилось, но усилилось она в связи не выполнением работодателями обязательств по выделению квот для приема на работу инвалидов и не представление сведений о наличии вакантных и свободных мест. Действия Центра занятости населения объясняются требованием ст.25 п.3 закона РФ от 19.04.1991г «О занятости населения в Российской Федерации». Работодатели обязаны ежемесячно представлять органам службы занятости информацию о наличии свободных рабочих мест и вакантных должностей, созданных или выделенных рабочих местах для трудоустройства инвалидов в соответствии с установленной квотой для приема на работу инвалидов, включая информацию о локальных нормативных актах, содержащих сведения о данных рабочих местах, выполнении квоты для приема на работу инвалидов. (выдержка из ст.25 п.3 закона РФ от 19.04.1991г «О занятости населения в Российской Федерации»).

Подавать информацию следует каждый месяц, независимо от того, открылась ли у вас новая вакансия или просто освободилось рабочее место.

Сведения о вакансии можно подать в устном форме(по телефону) с последующим письменным подтверждением.

Информацию уточняйте на сайте Центра занятости населения. Там же прописаны сроки и необходимые документы.

Специалисты Центра занятости напоминают: если вы не представите сведения о новых вакансиях в срок, компания может быть оштрафована на 3-5 тыс. руб., должностное лицо – на 300-500 рублей согласно ст. 19.7 КоАП РФ «Непредставление сведений (информации)»

**Адрес: Унцукульский район с. Унцукуль, ул. М. Мустафаева 30.**
**тел. (822) 55-62-58,55-62-57. эл.адрес: e-mail:czn-uncuk@mail.ru**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 11 (7203)*
*18 март 2016 сон*



Къурьан-хIадисалдехун, яги къияс-ижмагIалдехун хилиплъи гьабулеб гьечIони, гьелдалъун диналъе, гIибадаталъе тIокIлъиги бугони, гьеб жо лъикIаб, беццараб бидгIа ккола. Гьедин абулеб буго имам Шафиг1иясги, дунялалдаго машгьурал г1алимзабазги...



# Мавлидал ахIи гьукъиялъе гIилла бугищ?!

**Машгьурав гIалим, хIадис гIелмуялъул имам аль-ХIафиз Сахаватиясул биценалда рекъон, «мавлид» абураб цIаралда гьоркь бусурбабаз дандеълъаби гьаризе байбихьун буго ислам тIибитIаралдаса хадуб лъабго гIасру тIубараб заманалда (балагье «ИгIнату тIалибин», 3 том, 608 гьум.). Гьелдаса хадуб жакъа къоялде щвезегIан дунялалдаго бусурбабазул киналго улкабазда мавлидал гьарулелги руго. Жакъа мавлидал ахIун, цIалун гьареян яги гьаругеян абиялъе гIилла щиб?**

Мавлидал гьаризе бегьиялда Къурьан-хIадисалда аслу букIинги лъан, машгьурал гIалимзабазги, ай киназго гьелъие лъикIаб къиматги кьолеб буго. ГIаммаб куцалда хIукуматалдаго рагIизабун мавлидал гьаризе байбихьана анлъабилеб гIасруялъул ахиралда вукIарав бусурбабазул хан Малик Музаффарица. Ибну Касарица цIакъ кIудияб къимат кьун буго гьесул бахIарчилъиялъеги, берцинаб гIамал-тIабигIаталъеги, гьес гьарулел рукIарал мавлидазеги (балагье «Альбидаят ва ннигьаят» I3 том. I37 гьум.).

**ХIакъикъаталда, «Мавлид» абураб цIар нахъа баккараб бугониги, гьелъул магIнаги хIакъикъатги абуни, Аварагасул (с. т. гI. в.) заманалдаса нахъего букIараб буго. Масала, дида абизе кIолеб бусурбаби дандеълъиги, ссалат-салам лъеяв Аварагасул (с. т. гI. в.) манакъибал (лъикIал рахъал) цIалиги, гьев веццун назмаби ахIиги, зикру бачинги, истигъфар, дугIа-алхIам гьабиги, Къурьаналъул аятал цIалиги, садакъа-хайиралъе квен цебе лъейги ссалат-салам лъеяв Аварагасул (с. т. гI. в.) заманалда рукIинчIел жал ругилан. Гьеб жо абулев чи вукIине ккола исламалъул махIцин жинда чIвачIев, ялъуни лъалаго инкар гьабулев, къосарав чи. Мавлидалъул магIнаго гьал цере рехсарал кири цIикIкIарал жал гьари ккола.**

## Баккарабщинаб гуро гьукъулеб

Салат-салам лъеяв Аварагасул заманалда «мавлид» абураб цIар букIинчIиланги абун, мавлид хIарам бугилан абулел чагIи руго-ни, гьез хIарам гьаризе ккола киналго исламалъул гIелмабиги, щайин абуни гьезул цIаралги, ссалат-салам лъеяв Аварагасул заманалда рукIинчIел, нахъа раккарал руге лъул. Масала, «Фикъгьи», «Тафсир», «МусталахIул хIадис», «Усул», «МагIан», «МантIикъ», «НахIви», «Сарф». Гьал киналго цIарал ссалат-салам лъеяв Аварагасул заманалда рукIинчIел нахъа раккарал руго, гьел гIелмабийин абуни ссалат-салам лъеяв Аварагасул заманалдаго рукIарал руго. Гьелда тIадеги, ссалат-салам лъеяв Аварагасул заманалда букIинчIебщинаб жоги гьукъараб букIунаро, масала, гIелмуялъул тIахьал хъвай, исламалъул институтал рагьи, мадрасаби рай, мажгитазда аскIор минаби эхетизари, ганчIил къадалги ругел мажгитал рай, рузман къоялъ кIицIул как ахIи, микрафоназдасан пайда боси, телевизоралдасан, радиоялдасан, газеталдасан вагIзаби гьари, мрамораль Макка-Мадинаялъул мажгитал къачIай, типографиялъул печаталда Къурьанал къаби, Къурьаналда тIад Маккаялъул Масжидул-ХIарамалда рамазан моцIалъул ахирисеб сордоялъ, таравихIазул ахирисеб ракагIаталда Къурьан лъугIиялъул халатаб дугIа цIали ва гь. ц. Гьал киналго жал ккола киналго бусурбабаз диналда жанирги хIалтIизарулел ссалат-салам лъеяв Аварагасул заманалдаги рукIинчIел жал. ХIатта ГIиракъалдаса хIежалде унезул «Микъат», ай хIеж бухьунеб бакIцин ГIумарасхIабас бихьизабуна. Мавлидал гьукъулел инкарчагIаз щайха гьал цере рехсарал жал диналда жанир хIалтIизарулел? Мавлидал гьари хIарамаб бидгIалъун рикIкIунел



чагIаца гьал цере рехсарал жалги бидгIалъун рикIкIине ккола-ангури. Ссалат-салам лъеяв Аварагас хIарам гьабураб бидгIа щиб жояли лъалел имамзабазги гIалимзабазги абулеб буго: Аварагасул (с. т. гI. в.) заманалда букIинчIеб, нахъа баккараб жоялъ, Къурьан-хIадисалдехун, яги къияс-ижмагIалдехун халифлъи гьабулеб гьечIони, гьелдалъун диналъе, гIибадаталъе тIокIлъиги бугони, гьеб жо лъикIаб, беццараб бидгIа кколилан. Гьедин абулеб буго нилъер кIудияв имам ШафигIиясги.

Гьедин абулеб буго дунялалдаго машгьурал имамзабазгун гIалимзабазги, гьездаго гьоркьор имам Нававияс, иман Гьазалияс, ибну ХIажарас, ГIиззубну ГIабдулсаламица, СуютIияс, Тажудин Субукияс ва гьездаго цадахъ, хIатта ибну Таймиятицаги (вагьабиязул имам). Мавлид гьабизе бегьиялъе Къурьан-хIадисалда аслуги буго, гьеб нижеца нахъа баян гьабила, Иншааллагь. «ТIадехун рехсараб жоялдаса мухIканлъана мавлидалда хIарамаб бидгIайилан аби – къучI гьечIеб рагIи букIин. Ссалат-салам лъеяв Аварагас жив гьавурав къо кIодо гьабейилан абичIилан абураб рагIиги хIужалъун чIоларо мавлид хIарам гьабиялъе. Щайин абуни, гьес гьабейилан абичIебщинаб жо хIарам гьабун гьечIелъул, гьабугейилан абураб жо гурони. Къурьаналда абулеб буго (магIна): «Аварагас (с. т. гI. в.) нужее гьукъараб жоялдаса нахъе къай»,-абун (сура «Аль ХIашр», аят 7). Исламалъул машгьурал гIалимзабаз абулеб буго: «Мавлидал гьари ккола исламалда жаниб баккараб лъикIаб нух ва лъикIаб гIадат»,-илан. Гьединаб лъикIлъи ургъарав чиясе, гьеб ургьиялъухъ, къиямасеб къо чIезегIан гьеб хIалтIизабурал чагIазе щолелда бащадаб кири хъвалилан абулеб буго ссалат-салам лъеяв Аварагасги (гьаб хIадисги Муслимица къучIаб иснадалдалъун бицараб буго).

## *Мавлидазулъ кIудияб ширк бугилан абулезе,- жаваб*

Аллагьги цо гьавулел, Аварагги ритIухъ гьавулел бусурбаби кIудияб ширкалдаса кидаго рацIцIадал рукIуна, гьедин рацIцIадал рукIине ругилан абулеб буго живго хирияв Аварагасги (с. т. гI. в.). имам КIакимица къучIаб иснадалдалъун бицараб хIадисалда абулеб буго: «Дир умматалъ бакъуеги, хъанчиеги, ганчIиеги лагълъи гьабизе гьечIо, гьез гIицIго рихьдае гIамалал гьаризе руго, ай риялъ гьабизе буго»,-ян. Гьединаб жаваб кьуна нилъер хирияв Шаддадица гьесда гьикъараб мехалъ: «Дур умматалъги ширкиш гьабизе бугеб?»-ян. (бал. «Аттаргъиб ва ттаргъиб», I том. 46).

Ширк ккола Аллагь кIиго яги гIемерал ругилан аби, Аллагьасда бащадаб цоги жо бугилан аби, Аллагьасе гIадин цогидаб жоялъе лагълъи гьаби. Гьеб ширкалдаса бусурбаби рацIцIадал рукIиналъе бищунго кIудияб хIужалъун ккола - гьез къойилго битIулеб шагьадат, аза-азарцIул гьез къойилго абулеб, Аллагь цо гьавулеб тавхIидалъул калима «Ла илагьа иллаллагь». ИнкарчагIаз абуни, мавлид ахIулел чагIаз Аллагьасе гIадин Аварагасеги (с. т. гI. в.) лагълъи гьабулеб бугилан, ай гьесдаса шафагIат гьарулеб бугилан, шафагIат гьариги гьесие лагълъи гьаби кколилан абулеб буго. Гьелъие жаваб: Аварагасда (с. т. гI. в.) шафагIат гьари – гьесие лагълъи гьаби ккоnаро, гьеб ширкги ккоnаро. Гьеб ширк букIарабани, ссалат-салам лъеяв Аварагас изну кьелароан жиндасаго шафагIат гьаризе, щайгурелъул гьесул аслияб рагьго ширкалда данде букIана. ШафагIат гьариялда дандейин абуни, гьес щибниги инкарнигицин гьабичIо. Масала, гьесие I0 соналъ хъулухъ гьабурав Анас-асхIабас гьесда гьарана: «Я Аллагьасул Расул, дуца дие шафагIат гьабе»,-ян, (гьаб хIадис Термизияс бицана берцинаб иснадалдалъун). Гьединго Абу-Фирас РабигIатул Асламиясеги гьарана: «Я Аллагьасул Расул! Дица дудаги гьарула алжаналда жаниб дургун гьалмагълъи!,-абун. Гьединго Абул- Мусал АшгIариясги, Абу-ГIубайдат бину ЖарахIицаги, Маликул АшжагIиясги гьарана: «Я Аллагьасул Расул! Дуца ниж дурго шафагIаталъул агьлу лъун гьаре»-ян, (Лабарани). Гьединго гьесдаса шафагIат гьарана гьесул инсул яц Сафиятицаги, ГIукашат бину МухIсиницаги, Савад бину Къарибицаги ва гьел гурел гIемерал асхIабзабазги. Цояз гьарана шафагIат гьабеян, цогидаз гьарана алжаналда гьалмагълъиялъе рагIи кьейилан, цогияз гьарана ХIавузалдаса Кавсар гьекъезе кьеян, цогидазги гьарана алжаналда хIисаб-суал гьечIого рорчIизе кумек гьабейилан. Гьанже ругел инкарчагIаз гIадин, хирияв аварагас (с. т. гI. в.) цонигиясда абичIо жиндаса шафагIат гьариялдалъун нуж ширкалде кканилан яги капурлъанилан абун. Гьелда лъунги бичIчIула инкарчагIаз цо-цо гIадамазул бетIер сверизабизе цIалулел аятазул магIнаби гьез мекъса гьарулел рукIин. Масала, (магIна) «Аллагьасул изну гьечIого шафагIат гьабун бажарулев чи щив вугев?»,-ян. Абураб аят бачуна гьез ва Аварагасда (с. т. гI. в.) шафагIат гьарарав чи ширкалде гIунтIизавула (сура «Аль-бакъарат», аят 255). Гьаб хирияб аяталъ абулеб гьечIо нужеца цогидаздаса шафагIат гьаругейин, шафагIат гьарани нуж ширкалде ккolилан абун. Аллагьас изну кьечIев чиясда шафагIат гьабизе кIолареблъи баян гьабулеб буго гьелъ, гьебги лъалеб жо буго. Гьединго киназдаго лъалеб жо буго тIадегIанав Аллагьас ТIагьаясе шафагIат гьабизе изну кьолеблъиги, гьелде инкар ккурав чиги капурлъула. Хирияв Аварагасги (с. т. гI. в.) абулеб буго: «Дир шафагIат дир умматалъул чIахIиял мунагьал гьарулеб агьлуялъеги буго»,-ян. (Абу-Давуд, Баззар, ТIабарани, Ибну ХIибан, Байкъагьи) («Атаргъиб ва ттаргьиб». 4 260). Гьесие шафагIаталъе изну кьезе букIинги хIакъаб бугелъул гьесул умматалъ щай бегьулареб гьесдаса шафагIат гьаризе. **Аллагьасукьа хIинкъи абураб жо гьал инкарчагIазул рекIелъ букIарабани, гьел хIинкъизе ккелаан муъминзабазде ширк гIунтIизабиялдалъун жалго ширкалде яги куфруялде ккезе ругилан.**

*Спорт:*

# ХIалуцарал рукIана къецал

Араб анкьалда Майданское росулъ тIобитIана «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул призалъе гIоло гIолилазда гьоркьоб волейбол хIаялъул къецал. Гьеб тIобитIана гIолилазулъ гIумроялдехун хIаракатчилъи цIикIкIиналъул мурадалда.

Къецазда гIахьаллъана 13 росабазул тIаса рищарал командаби. Тадбир рагьулаго муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул зам, С. АхIмадовас бихьизабуна гIицIго спорталъ гьарулин гIолилал чорхолъ ритIараллъун ва щивав гIолиласул жиндаго тIад хIалтIи аслияблъун букIине кколин, гьелъ гIумро гьабиялъул сахаб къагIидаялде куцалин ва цIунулин квешал ишазде гьоркьоре ккеялдаса,-абун.



-Ахирияб заманалда района лъул администарциялъ кIудияб кIвар кьолеб буго гIолилал спорталдехун машгъур гьариялде,-ян абуна Г1. НурмухIамадовас. Гьеб мурадалда районалъул киналго росабалъ тIоритIулел руго батIи-батIиял къецал. Гьелъие чIезарун руго киналго ресал. Пумро гьабиялъул сахаб къагIида хIалтIизабулаго нужеца лъикIаб мисал бихьизабулеб буго сверухъ ругезда. Гьарула, нужее хIаязулъ битIккей, бергьине риччанте, къуватал! Дица хьул гьабулеб буго жакъасел хIаяз нилъер район республикаялда ва Россиялдаго машгъур гьабилин.

Тадбиралда кIалъарав волейболалъул ветеран С. МухIамадовас гIолилал ахIана спорталда гьорлъаса ратIалъичIого гIумро гьабизе. Гьединабго кIалъай букIана мугIрузул округалъул ракълиде рачиналъул ва адаптациялъул Централъул нухмалъулев М. МусалахIажиевасулги.

Къецал ана хIалуцадго. Балагьулезул пикруялда рекъон цIакъго хIалуцараб букIана хIаязул ахир, ай Рихьуни ва Балахьуни росабазул хIай. Гьедин хIаязда тIоцебесеб бакI ккуна Балахьуни росдал командаялъ, кIиабилеб бакIалде бачIана Рихьуни росдал команда, лъабабилеб бакI щвана ЦIатIанихъ росдал командаялъе.

Киналго хIаязда лъикIал хIасилал росарал спортсменазе кьуна грамотаби, призал, медалал.

*Спорт:*

Инхоса ПалихIажияв

## ГIакъилал жугьаби

ГIагарал гьуин гьаре, - гьелъулъ буго дур икъбал,
Эбел-эмен лъикI хьихье, бихьила рекIел хинлъи.
* * *
Гьереси-рекIкI гIемерал гIалимзаби жалго те,
Жидер лъай чухъикь ккурал, чамгIалзаби рикIкIад кквe.
* * *
Черхалда гIетI цIиричIеб, боцIи данде гьабуни,
БацIал дуй хIадурулин хIарамаб боцIи квине.
* * *
Жиндиего рецц гьаби чиясда рекъоларо,
КигIан битIаралъеги рецци рекъараб гуро.
* * *
Горил рагIал батулареб,
РагIул ахир букIунареб.
* * *
БитIаралъе къимат кьей, къабулаб битIуда ккей,
ТIекъаб бергьине гьаби, чиясул хIалихьалъи.
* * *
Гьерсихъанасе жужахI, хIакъаб тIаса ин гьечIеб,
БитIараб бицунесул бадиб кьер иман буго.
* * *
ЧIужугIаданалдалъун гуккизеги вукIунге,
КигIан гIемерлъаниги боцIудаги божуге.
* * *
ГIакъилзабаз рицарал биценалгун кицаби,
Квашухъе цIаличIого ричIчIизе тIалаб гьабе!
ГIарабалдаса росун, МустатIрифалде ваккун,
Рицун кьурал таржама, тоге вацал, лъачIого.

## Жея, ясал!- тадбир



Микьабилеб марталъул байрамалда хурхун рохалилаб утренник тIобитIана Балахьуни росдал школалда. ЦIалдохъабаз махщалида рикIкIана эбела лъул хIакъалъулъ хъвавал кучIдул, 5 «а» класса лъул цIалдохъабаз бихьизабуна «Эбел кIочон тезе бегьуларо»,-абураб магIна гьваридаб сценка. Хадуб школалда букIана химиялъул мугIалим ГIайишат ХIасанхIусеновалъул хIаракаталдалъун гIуцIараб , 7-II классазул ясал гIахьаллъараб «Жея, ясал!» абураб къецхIай. Къецалда гIахьаллъулел рукIана, батIи-батIиял классаздаса цIалдохъаби цо лъизабураб «Хозяюшки» ва «Ясал-махщелчаг1и» (Умелые девчата) коман-даби. Гьелъул программаялда рукIана: экскурсиялъул заманалда къварилъи ккаразе тIоцебесеб медицинаялъул кумек гьаби, цоцазе берцинаб рецц-бакъ гьаби (конкурс комплиментов), квен хIадур гьаби гIадал ва цогидаги къецал. Масала, бищунго балагьаразе бокьана буцун хIадур гьабураб гIатIал цо минуталда жаниб кIиябго командаялъул ясаз хIадур гьарурал анлъго батIияб тайпаял лъул хинкIал. Бергьенлъи босана «Ясал-махщалилал» командаялъ.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ.**

*Сураталда:* ЦIалдохъабазул цеерахъин.

Лъалищ нужеда?

## Нилъер гIадалзул нах кIудияб гIолищ?

Гьелда хурхараб пикро цебе лъуна бакътIерхьул цIех-рехалъул къукъаялъ. Цо рахьалъ Оскфордскиялъул университеталъул профессор Колин Блэкморица рикIкIунеб буго информациялъул кIудияб чвахиялъ рачунин «гьарураб къоялдаса хадуб гIадалзул нахул объем цIикIкIиналде ва гьелдаго цадахъ нервабазул клеткаби цIикIкIиналде»,-абун. Биологазул пикруялда рекъон гьеб букIине рес гьечIо,-ян абулеб буго НИИ лабораториялъул нухмалъулев, профессор, С. Савельевас.ГьесбихьизабулеббугоЈ-клеткаби рикьиялъул къадар, гьединго нервабазулги тIаде цIикIкIунаро. Гьеб эволюциялъеги кинго кьоларо. Гьединлъидал биологиялъул законалда ре къон нахул клеткаби гIемерлъизе рес гьечIо. Гьелъ рижун ракьалде рачIарабго гIадазул нахул клеткаби рикьи лъугIула. У, мозг кIодолъула гIадан кIудияв гIолев вугебгIан заманаялъ, амма цIиял нервабазул клеткаби раккизе рес гьечIо. КитIанго информациялъул поток цIикIкIаниги эволюционниял хиса-басиял гье лъулъ кквезе рес гьечIо. Жибго мозгалъги гIадахъ босизе гьечIо хIажат гьечIеб информационнияб поток.

* * *

* ГьитIинаб бугониги нужеца хIухьелалдалъул босулеб кислородалъул 20 % хIалтIизабула мозгалъ

* Мозг кутакалда гьеб гьечIолъи ялъ асар гьабулеб орган ккола. Гьединлъидал гьелъие бокьула гьваридго нужеца хIухьел босулеб заман.

* ЦIияб гьава боси цIикIкIани, лъикI хIалтIизе бегьула цебе дагьго гурони гьеб щолареб букIарал бутIабазул бидурихьал ва гьелъ херлъи нахъбахьизабула.

Халкъияб лъай кьеялъул управлениялъул тIолалго хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго управления лъул нухмалъулев МухIамадгIалиев Лабазанида ва тIолабго гIагарлъиялда эмен

**МухIамадгIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьев иманалда тIобитIун ватаги, нахъе ругезе сабруги кьеги.

Районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гьваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго МухIамадгIалиев Лабазанида ва федералияб судалъул хIалтIухъан Умагьанида эмен

**МухIамадгIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район с. Унцукуль ул. Мустафаева 28

Телефон редактора 55-63-07 sadovoduns@yandex.ru

Адрес издателя: г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 17. 03. 16 г. 18. 10 фактически -20. 10 мин.

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 1400 экз.